**Муниципальное бюджетное образовательное учреждение основная общеобразовательная школа им. Созаева Ю.К. с. Урсдон**

| Рассмотрено<br>Руководитель методического объединения учителей<br>Пеев Хохоева И.Т.<br>ФИО<br>Протокол №___<br>от «29» 08 2023 г | Согласовано<br>Заместитель директора по УВР<br>____<br>ФИО<br>____<br>«01» 09 2023г | Утверждаю<br>Директор школы<br>____<br>ФИО<br>Приказ № 756/22<br>от «01» 09 2023 г |
|---|---|---|

**РАБОЧАЯ ПРОГРАММА**

по литературному чтению на осет. языке

(наименование учебного курса, предмета, дисциплины, модуля)

**ДЛЯ 4 КЛАССА**

**НА 2023/2024 УЧЕБНЫЙ ГОД**

Байсангурова А.В.

(Ф.И.О. учителя-составителя программы)

Урсдон 2023

## Æмбарынгæнæн фыстæг

## 4 къласы кусæн программæмæ.

*(Кæсыны чиныг 4 къласæн, автор Туаты Ларисæ).*

Ирон кæсынад у, кæстæр кары скъоладзауты цæттæгæнæнсистемæйы сæйрагдæр предметтæй иу, ирон ***æвзагимæ*** лæууы
æмрæнхъ æмæ ахуыргæнинæгты ахуыр кæны раст фыссын, и сынхъомыладон ахадындзинад æмæ рæзын кæны сывæллæтты
дунеæмбарынад.

Ирон æвзаг куыд ахуыр кæна сывæллон, уый иннæ предметыахуырадæн дæр у пайда.

Ирон æвзаг æмæ ирон кæсыны курс сты кæрæдзиуыл æнгом баст, иу иннæйы æххæст кæны. кæсыны фæлтæрддзинадыл куыстсывæллоны ахуыр кæны хуыздæр æмбарын тексты мидис,
уарзондзинад взæрын кæны литературæмæ.

Кусæн программæ хаст æрцыдысты Кæсыны чиныгæй ахæм уацмыстæ, структурæ афтæ арæзт у æмæ дзуапп дæтты аивадон –эстетикон, литературон, коммуникативон хæстæн.

**Сæйраг хæйттæ:**

- 4 къласы ирон кæсыны программæмæ хаст æрцыдысты иронфысджыты Айларты Чермен,
Чеджемты Æхсар, Дзесты Куыдзæг,
Коцойты Арсен, Дзасохты Музафер, Хетæгкаты Къостайы
уацмыстæ, кæцытæ цымыдисагдæр сты кæстæр кары сывæллæттæн.

- скъоладзауты раст, æмбаргæ æмæ тагъд кæсыны фæлтæрддзинæдтыл кусын; чиныгимæ кусын зонын; скъоладзауæнйæхицæн цымыдисаг цы чингуытæ сты, уыдон æвзарын зонын;

- ныхасы куысты хуызтæ – хъусын, дзурын, кæсын, фыссыниумæйагæй

**Кусæн программæ арæзт у ахæм сæйраг хæйттæй:**

Адæмон сфæлдыстад, уарз фæллой, афæдзы афонтæ, нæ алыварс дуне, кæмæй у сæрыстыр Ирыстон.

**Ахуыры нысантæ:**

4 къласы кæсыны ахуыртæ арæзт сты ахæм нысантæ æххæст кæнынмæ:

□ раст, æмбаргæ, аив æмæ тагъд кæсыны фæлтæрддзинадыл; скъоладзауты разæнгард кæнын кæсынмæ; зонын чиныгимæ кусын; чиныгæй хъæугæ æрмæг исынмæ фæцалх кæнын; цы бакастытсы, уыцы уацмыстæн хи хъуыдытæ дзурынмæ фæцалх кæнын, ома ныхасы алы хуызтыл ахуыр кæнын;

□ цымыдис сæ кæнын алфамбылайы дунемæ лæмбынæгдæр хъус дарын, æмæ æмбарын, уый дæр ацы дунейы хай кæй у, ирон классикты уацмыстæ кæсын æмæ зонынмæ;

□ скъоладзаутæн уарзын кæнын ирон литературæ, иннæ адæмы хæттыты литературæ, хорз æвзæрæй иртасыныл ахуыр кæнын, кусын сывæллоны миддунейы хъæздыгдзинад фылдæр кæнын.

**Предметы бынат ахуырадон пъланы**

Ахуырадон пъланы кæсыны уроктæн ис 2 сахаты ахуыры азы 1 – аг хай, 1 сахат ахуыры азы 2 –аг хай. Æмткæй райсгæйæ кæсыны уроктæн лæвæрд цæуы 52 сахаты афæдзы дæргъы.

Кусæн программæ конд у Туаты Ларисæйы чиныг 4 къласæн КÆСЫНЫ ЧИНЫГ, Цæгат-Ирыстон Аланийы министрады уынаффæмæ гæсгæ фидаргонд æрцыд 2014 азы.

Цæмæй ацы программæ æххæстгонд æрцæуа, уый тыххæй ахуырты пайдагонд цæудзæн ахæм куысты хуызтæ: фронталон фæрстытæ, иумæйаг дискусси; иумæйаг æмæ хибарæй куыстытæ. Ирон кæсыны урокты хъусдард цæуы мидпредметон æмæ иннæ предметтимæ бастдзинадмæ –( ныв кæныны æмæ музыкæйы);

**Ахуырадон архæйдтытæ, фæлтæрддзинæдтæ æмæ куысты хуызтæ.**

**Кæсыны фæлтæрдзинадыл кусгæйæ скъоладзаутæ хъуамæ сахуыр уой:**

□ Раст, æмбаргæ, тексты мидисмæ гæсгæ интонации ивын, аив æмæ тагъд кæсыныл;

□ Аразын монологон æмæ диалогон ныхас, кæй бакастысты, уыцы уацмысмæ гæсгæ стæй хи царды хабæрттыл æнцойгæнгæйæ;

□ предмет æрфыссын æмæ абарын;

□ мырты раст дзурыныл архайын;

□ кæсгæйæ дзырдтæ раст кæсын фонетикон æгъдаумæ гæсгæ, стæй цавды æгъдæуттæм гæсгæ;

□ рольтæм гæсгæ кæсыныл ахуыр кæнын;

□ раст аразын ныхас , ныхасы нысан æмбарын æмæ йæ куы хъæуа, уæд раст кæнын;

□ зонын уацмысы мидис хи ныхæстæй дзурын текстмæ хæстæг æмæ скъуыддзæгтæй, дзургæйæ сурæт ныв кæнын, кæнæ ныв кæны, зонын текст дих кæнын хæйттыл, кæнæ мидисмæ гæсгæ, ома хъуыдымæ гæсгæ;

□ сæхæдæг хъуамæ арæхсой тексты ссарын дзырдтæ, кæнæ хъуыдыйæдтæ, сæйраг архайджыты æрфыстæн кæцытæй спайда кодта автор, кæнæ æрдзы фæзындты æрфыстæн, барын архайджыты кæцыдæр миниуджытæ, сæ архайд, цæмæн бакодта афтæ хи позиции дзурын.

**Фæстиуджытæ.**

4 къласы кæрон скъоладзаутæ хъуамæ зоной:

□ зæрдывæрдæй 8-9 æмдзæвгæйы;

□ 5 аргъауы дзурын зонын, 10 æмбисонды, 2-3 фразеологон дзырдбасты, царды кæцы уавæрты сæ ис спайда кæнын расттдæр;

□ цы бакастысты, уыцы уацмысты авторты зонын, цы жанры фыст сты, уый иртасын;

□ кæсын 70-80 дзырды онг;

□ тексты мидис æмбарын, авторы позиции иртасын, хи хъуыдытæ дзурынмæ арæхсын;

□ хъуыды кæнын тексты кæрон , кæнæ райдайæн*;*

□ пълан аразын цы æрмæг бакастысты, уымæ*;*

□ тексты архайджытæй характеристикæ дæттын*;*

□ тексты сæйраг хъуыды иртасын;

□ *с*;;ргонд дæттын тексттæн, кæнæ иллюстрацитæн;

□ хъусын иннæ ахуыргæнинæгты дзуæппытæн аргъ дæттын, æмбарын иннæ адæймаджы позиции текстмæ æмæ йын аргъ кæнын;

**Ахуырдзаутæ хъуамæ зоной:**

□ рольтæм гæсгæ кæсын;

□ конкурсты архайын;

□ хъæрæй, раст, тагъд, æмбаргæ кæсын зонын;

□ цы уацмыс бакастысты, уый темæ æмбарын.

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Сæрды тыххæй мысинæгтæ (1с) | 1с. | 2. Плиты Х. «Найынмæ» | Райы бæстæ, судзынц хъарм хурмæ сæхи, рæвдауæн ныхæстæ,сгæпп кæнынц цæрдæг, салам лæвæрдтой. | Æрдзы рæсугъддзинад сæрды. Тæригъæддзинады æнкъарæнтæ æвзæрын кæнын. | 1. Æмдзæвгæйы сæйраг хъуыды æмæ æнцойгæнæн дзырдтæ сбæрæг кæнын. 2. Радзырды архайджытæ – сабитæ. Куыд рарвыстат уæ каникулты рæстæг? ( Саразын беседæ). | «Цавæртæ сты скъоладзауты хæстæ?» «Абеты куывд» |
| Фæззæг (6с) | 1с. | 3. Нывмæ гæсгæ куыст. Æмдз. «Фæззæджы нывтæ» (Кочысаты М.) | Бон фæллад хуызæй кæсы, Æрдз фæбæгънæг, мæргътæ атахтысты, халас, булæмæргъ ныхъхъус, бæрæчет, хъæлдзæг цард. | Иуæрдыгæй – æрдзы уазал æмæ фæллад хуыз, иннæрдыгæ-сой, бæркад. Фæззыгон ивддзинæдтæм сабиты хъус æрдарын. | Нывмæ гæсгæ радзырд æмдзæвгæйы алгоритм, дзырдуатон куыст, уæлæмхасæн цæстуынгæ æрмæг, музыкæмæ байхъуысын. | Фæззыгон æрдзы тыххæй радзырд æрхъуыды кæнын |
| | 2с. | 4. Мамсыраты Д. «Хърихъупп Бипп - бипп» | Хъарм бæстæ хърихъуппытæ ирвæзынгæнджытæ | Цæрæгойтæм, тæхгæ цъиутæм уарзондзинад гуырын кæнын, тæригъæд сын кæнын, бахъуаджы сын æххуыс кæнын. | Радзырд кæсын, хи ныхæстæй дзурын, æнцойгæнæн дзырдтыл кусын. Фысгæ куыст. | Сывæллæттæн йæхæдæг чи куыд æмæ кæд баххуыс кодта цæрæгойтæн? |
| | 1с. | 5. Нывмæ гæсгæ куыст. («Фæсмон»). Æмдз. «Æрра фыййау». Хетæгкаты Къ. | Скъоладзау, цæхæрадон, бæласы къалиу æрсасти, фæткъуытæ, фæсмон. Æрра фыййау, хохы цъуппæй, мигъ, пуртийы зыввытт. | Фæззæджы миниуджытæм, йæ рæсугъд æмæ бæркадмæ фæллой цы бар дары, уый амонын | Радзырд æрхъуыды кæнын нывмæ гæсгæ. Æмдз. Кæсын, йæ миди сын баммбарын кæнын. | Цæуылнæ хъæуы сонт митæ æмæ æнæрхъуыды хъуыддæгтæ кæнын? |
| | 1с. | 6.Изæрæй. Токаты Алихан | Булæмæргъы лæппын, сидзæр цъиутæ, рæвдауæн ныхæстæ, бынтондæр ныттылд, салам лæвæрдтой. | Тæхгæ цъиутæ цард. Тæригъæддзинады æнкъарæнтæ æвзæрын кæнын. | Æмбаргæ каст. зонындзинæдтæ раттын. | Адæмон сфæлдыстадæй темæмæ хæстæг исты таурæгъ бакæст. |
| | 1с. | 7. Бæркадхон. | Бæркадхон, | Бæркад фæллатæ кæй | Радзырд кæсын | Фæззæджы темæйæ |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Айларты Чермен | цæхæрадоны цæрджытæ, фысым. | цæуы, уый бамбарын кæнын. Бæркады нысаниуæг. | | сочинении ныффыссын |
| | 1с. | 8.«Бæркадджын фæззæг» Цæрукъаты А. | Зæхх, бæркадджын, дзаг уæрдæттæ, хор, быркуыдонтæ, быдыр | Фæззыгон бакуыстæй адæймаджы цард хъæздыг кæй кæны, уый тыххæй аив беседæ саразын | Æмдзæвгæйы мидис бамбарын кæнын Æмбисæндты хъуыдыимæ сæ бабæттын. Æмдзæвгæ наиз. ахуыр кæнын. | Фæззыгон бæкад (сныв кæнын) |
| Царды бындур фæллой кæнын (2вс) | 1с. | 9.Фæллойы зарæг. Хацырты Сергей | Зад хуымтæ, хуры тынтæ, куствæллой, зæххы сой, зад æфсиртæ | Йæ райгуырæн бæстæ чи уарзы, уый йын йæ фæллойæ лæггад кæны.сабиты фæллæй-хорз ахуыр. | Æмдзæвгæ кæсын, анализ ын кæнын. Æнцойгæнæг дзырдтыл куыст. Сæргондимæ куыст. | Аргъау бакæсын |
| | 2с. | 10. Хæххон бæлццон. Айларты Ч. | Бæлццон, урссæр хохыл, айнæг, хæххон суадон, куырой, стырдон, хус рæстæг, донхорыг. | Æрмæст коммæгæс æмæ куыстуарзон адæймаг сæххæст кæны йæ бæллиц. | Радзырд бакæсын, хæйттыл æй адих кæнын, йæ миди сын радзурын. Аргъауы хуызæн цæмæй у, уый бацамонын. | Радзырды хъуыдымæ æмбисæнд ссарын, кæнæ æрхъуыды кæнын. |
| | 2с. | 11. Цъырцъыраг Чеджемты Г. | Сæрд, хъазыд цъырцъыраг, фидæныл нæ кодта мæт, бæркад, мæлдзыг, ыстонг, зымæг. | Сæрдыгон зымæгыл хъуыды кæй хъæуы, уый бамбарын кæнын, цæмæй цъырцъæраджы æмбисонд макæуыл æрцæуа. | Æмдзæвгæ 2 хайыл адих кæнын. 1-аг хайы цъырцъыраджы митæ 2-аг хайæ цæмæй хицæн кæнынц. Æмдзæвгйææн алгоритм саразын. | Адæмон сфæлдыстадæй ахæм æнæбанзонгæ кæй зонынц, уый тыххæй радзурын. |
| | 1с. | 12. Мæкъуылтæ фервæзын кодта. Дзесты Куыдзæг | Рæгъаугæс, колхозы мæкъуылтæ, скъоладзаутæ, æхсæнады мулк | Æхсæны фæллой хъахъхъæнинаг кæй у, стырзæрдæ йыл кæй нæ хъæуы, бахъуаджы сахат та йæ хъахъхъæнын хъæуы. | Радзырды 1 хайы Азæмæт хорз бæхыл бадæг кæй у, уый сабитæн амбарын кæнын. 2 хайы та къæрцхъус колхозы мæкъуылтæ. | Æмбисæндты хъуыды райхалын |
| | 5с. | 13. Хъусой. Коцойты А. | Уалдзæг, Гаппо,Сослан,Хъусой, Къæбыла,карчъы цъиутæ, бæрæгбон, исчердæм . | Цæрæгойтæм, тæхгæ цъиутæм уарзондзинад гуырын кæнын, тæригъæд сын кæнын, бахъуаджы сын | Радзырд кæсын, зынæмбарæн дзырдтыл куыст. Радзырдæн æндæр кæрон æрхъуыды кæнын æмæ йын æй ие 'цæг | Хи ныхæстæй дзурынмæ. |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | æххуыс кæнын. | кæронимæ абарын. | |
| | 1с. | 14. Цæмæ бæллы бæлццон. Джыккайты Ш. | Бæлццон, мæйдар æхсæв, ноом, æнус. Æрмæст бæллынæй нæй цæрæн. | Алы адæймаг дæр йæ цард æхсæнады цардæн ныванд кæна, уæд йæ ном æнусмæ баззайдзæн. | «Æнусмæ хорз ном», ацы æнцойгæнæг дзырд бастыл бакусын. «Æрмæст бæллынæй нæй цæрæн»- йæхъуыды йын райкалын. | Æмдзæвгæ аив кæсын сахуыр кæнут. |
| | 3с. | 15. Тегайы бæлас Дзесты К. | Нæзыты рагъ, бæлас, Тега, бæлцæттæ, сывæллæттæ, таурæгъ. | Тегайы фæллойдæрзондзинады тыххæй беседæ саразын. Ахæм адæймæгтæн сæ кой сæ хъуыддæгты куыд баззайы æмæ иннæтæн цы æххуыс вæййы. | Радзырд хайгай æмбаргæ каст бакæнын. Зынæмбарын дзырдтыл бакусын. Радзырды хъуыды æмбисæндтимæ бабæттын. | Таурæгъ æрхъуыды кæнын. |
| | 1с. | 16. Æвдадзы хос. Аргъау | Фæндаггон, æвдадзы хос, пырындзы хуым, сылгоймаг. | Ивдадзы хос бæлццон цы хуыдта, уый мидис райхалын (Фæллой кæнын) | Аргъау бакæсын, хи ныхæстæй йæ дзурын. Уыци-уыцитæн дзуапп раттын. | Ирон аргъæутты ссарын ацы аргъауы хъуыдымæ хæстæг чи у, ахæм. |
| | 1с. | 17. Авджы сæстытæ. Хуыгаты Л. | Цот,чырыны алыварс, рухс ном, мæгуыр лæг. | Адæймагæн æцæг расугъддзинад фæллой кæй дæтты, уый аргъауы архайджыныл равдисын. | Аргъау хи ныхæстæй дзурын, фæрстымæн дзуапп дæттын, æмбисæнтты хъуыдыммæ йæ бæттын. | |
| | 1с. | 18. Сауцъиу æмæ æхсыргур. Чеджемты Г. | Æхсыргур, сауцъиу, мыдгæсы кæрт, мыдыбындз. | Кусаг мыдыбындзы хъыдарæг йæхæдæг баййæдта уый бамбарын кæнын. | Анализ скæнын радзырдæн. Фæрстытæн дзуапп дæттын. | |
| | 3с. | 19. Куырм бæх. К.Д. Ушинский. | Æххуырстытæ, уынаффæгæнæг, æзронд хæдзары,Уседом. | Уседомы хицауы дæнцæгыл цæрæгойтæм уарзондзинад хъомыл кæнын. Æнæзивæг уæвын куыд хрз у. | Радзырд аив бакæсын, хи ныхæстæй дзурынмæ сахуыр кæнын | Хæдзарон цæрæгойтæ кæмæ ис, уыдон радзырдта æрхъуыды кæнæн |
| | 1с. | 20. Задалески Нана. Айларты | Зæронд нана, фырт æмæ чындз, гыццыл | Хистæртæн кад кæнын, хорз цæстæй сæм | Æмдзæвгæ кæсын æмæ хи ныхæстæй дзурын | Алчи йæхи нана æмæ бабаммæ |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Ч. | ләппу, ныййарджытӕ | кӕсын кӕй хъӕуы, уый сабитӕн амонын | ӕнцойгӕнӕн дзырдтыл бакусын | хӕларӕй цӕры ӕви нӕ? (радзырд). |
| | 2с. | 21. Уӕйыджы цӕссыгтӕ. Чеджемты Г. | Кӕстӕр, хистӕрӕн лӕггӕдтӕ, салдат, ӕгъдау | Ирон раппӕлинаг ӕгъдӕуттӕ хъахъхъӕнын | Радзырды сӕйраг хъуыды ӕмбарын кӕнын. Аив кӕсын, дзырдуатон куыст. | |
| | 2с. | 22. Ахболы зӕрдӕ хъӕлдзӕг у. Цӕрукъаты В. | Фыдыбӕстӕйы стыр хӕсты заман, Ахболы фыд, уацхӕссӕг – ӕрыгон ләппу, ӕхсызгон хабӕрттӕ, ӕнӕном танкист. | Ирон даӕмы хъӕбатырдзинад Фыдыбӕстӕйы стыр хӕсты рӕстӕг. Ирон лӕппу – танкисты сгуыхтдзинад. Ахболы зӕрдӕ цӕмӕй барухс? | Ӕхсарджын танкисты тох немыцаг фашисты ныхмӕ – радзырды сӕйраг хъуыды. Уыцы хъуыдыйы алыварс ныхас саразын. Радзырд хи ныхӕстӕй дзурын. | Скъоладзаутӕй алчи дӕр йӕхи хӕдзарӕй хӕсттӕ чи ацыд, уый тыххӕй радзурӕд. |
| | 2с. | 23. Ӕмбаргӕ куыдз. Боситы И. | Ӕфсӕддон хай, цыппар ӕмбалы, бирӕгъ ӕмбаргӕ куыдз, зӕрондус, хъӕбатыр моряк | Хӕсты инвалид морякы сгухтдзинад ӕмӕ йӕ куыдзы иузӕрдиондзинад. | Радзырд кӕсын,йӕ сӕйраг хъуыды йын сбӕрӕг кӕнын. Дзырдуатон куыст, фӕрстытӕн дзуапп дӕттын. | |
| Ирон адӕмы ивгъуыд дуджы цардӕй (6с.) | 1с. | 24. Мӕгуыры зӕрдӕ. Хетӕгкаты . Къ. | Зымӕг нӕ хӕхты, уад дзынאзы, ӕрцары мит, хӕй кад мӕгуыр лӕгӕн | Къоста - мӕгуыр адӕмы сӕрылхӕцӕг. Кӕд мӕгуыр уыдисты адӕм, уӕддӕр сӕ зӕрдӕтӕ – хъӕлдзӕг. | Ӕмдзӕвгӕ равзарын ӕнцойгӕнӕг дзырдбӕстыл куыст «Нӕй кад мӕгуыр лӕгӕн йӕ куысты» (наизусть). | Ӕмдзӕвгӕйы темӕ абоны цардимӕ абарын (чысыл сочинени). |
| | 1с. | 25. Ирон дзырд. Чеджемты Ӕ. | Мадӕлон ӕвзаг аив, ирон дзырд,фыдӕлты зӕхх,фыдӕлты намыс. | Мадӕлон ӕвзаг мады ад кӕны.Ирон ӕвзаг уыйбӕрц хъӕздыг у, ӕмӕ йыл ис цыфӕнды хъуыды дӕр зӕгъын. | Ӕмдзӕвгӕ кӕсын, анализ кӕнын, мидис ӕмбарын. Лит-йы теории-метафорӕ, эпитет, аивгӕнӕг мадзӕлттӕ | Мадӕлон ӕвзагы тыххӕй ӕмбисӕндтӕ ӕркӕсын |
| | 3с. | 26. «Уӕййаг сывӕллӕттӕ» Гӕдиаты С. | фысым, мӕрт, цагъартӕ, дзӕнӕтон лӕнчытӕ, хъисын пӕлӕз, сӕрхъуызӕг, хордзен, ӕрдуйы йас, къуту, уӕцайрӕгтӕ | Радзырд 2 х адих кӕн иу урочы 1х. бакусын, иннӕйы- 2 хайыл. Мӕгуыр адӕмы уавӕртӕ, се 'нӕбон цардыл дзурӕг бынӕттӕ кӕсын, ӕмбарын сӕ кӕнын. | Мӕгуырӕ ӕнӕбондзинад раджы заманы | Абоны сывӕллӕтты царды тыххӕй сочинении ныффыссын, пъланмӕ гӕсгӕ |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Дзырдуатон куыст. Ӕрдзы ӕрфыстытӕ цӕуыл дзурӕг сты? | | |
| • | 1с. | 27. «Къостайӕн» Гулуты Андрей | «Додой» ныззарыдтӕ, бацыдтӕ карз тохы, ссардтой мæлæт. Акæс ныр дунемæ, нал нæм ис паддзæхтæ, дзыллæтæ райстой сæ тар. | Къоста цы замæны царди, уый нал ис, адæм æлдæрттимæ тохы кæй фæдæлахиз сты, уый фæрцы. Къоста цы сæрибарыл тох кодта, уый æрцыд. | Ӕмдзæвгæ бакæсын, йæ хъуыды йын бамбарын. Зæрдывæрдæй йæ сахуыр кæнын. | Ӕмбисондмæ гæсгæ «Фыдлæг æмæ фыдлæг бирæ нæ хæссынц» дзургæ радзырд саразын. |
| Адæмон дзургæ сфæлдыстад (8с) | 1с. | 28. Цы хонæм адæмон сфæлдыстад | Аргъæуттæ, Нарты кадджытæ, Даредзанты таурæгътæ, æмбисæндтæ, адæмон зарджытæ | Адæмон сфæлдыстады сæйраг мидис –адæмон æнусон бæллицтæ сæрибар æмæ æдыхст цардмæ | Адæмон сфæлдыстады сæйраг хуызтæй алкæцыйы тыххæй дæр радзурын. Алчи дæр дзы цы нысан кæны, уый бамбарын кæнын. | |
| | 2с. | 29. Нартыл фыддуаг куыд скодта | Фыддуг, фыдрæстæг, æвдладжы сæрарз кард, хорз фат, авд рæнхъы, Сырдоны хæдзар, Хъазæн фæз, сæгъдзарм, мусанг, хъалон | Созырыхъойы лæгдзинад Нарты фервæзын кæныны тыххæй. | Кадæг бакæсын, йæ сæйраг хъуыды йын бамбарын, хи ныхæстæй йæ дзурын, фæрстытæн дзуапп дæттын. | |
| | 1с. | 30. Ацæмæзы уадындзæй зард. | Нарты Ацæ,Ацæмæз,Сослан, сгуыхт адæймаг, тыхагур ахæтын, хæ-ххон дзигло | Адæмон сфæлдыстады сæйраг мидис –адæмон æнусон бæллицтæ сæрибар æмæ æдыхст цардмæ | Ацæмæзы фæлгонцыл æрдзурын. | Ацæмæзы тыххæй æндæр кадæг бакæсын |
| | 2с. | 31. Сырдон уæйгуыты куыд асайдта | Нарт балцы ацыдысты сусæгæй, уæгуытæ, æртæ зынаргъ дзаумайы æрчъиаг, фынг, бæндæн, фат. | Хицæй цæуын хорз нæу. Хинтæ адæймагæн йæхиуыл цæуынц. | Кадæг бакæсын, йæ сæйраг хъуыды йын бамбарын кæнын. Ӕмбисæндтыл бакусын. | |
| | 2с. | 32. Нæ хорз æгъдæуттæн царды нæй | Ӕгъдæуттæ , туг агурын, хæрамдзинад, зынг бахуыссыд. | Фыдæлты фарн æмæ æгъдæуттæ – уыдон нæ царды уидæгтæ сты. | Кадæг бакæсын, йæ сæйраг хъуыды йын бамбарын, хи ныхæстæй йæ дзурын, | |